# असो करब छठी माई के पुजनवा छठ गीत लिरिक्स

असो करब छठी माई के पुजनवा,
माई दिहालू ललनवा गोदी में,
काटी के उखिय ले अयिनी हो,
माई सब कुछ देईली झोली में,
असों करब छठी माई के पुजनवा,
माई दिहाली ललनवा गोदी में।bd।

---

भूखे पियासे हम माई के,
पूजा पाठ करायीब हो,
बनीके तिवाइया भूखब हम्हू,
छठे घाट पर जाईब हो,
माथे उठाई दबूरिया के,
माई आइके सम्हार्लू बोली के,
असों करब छठी माई के पुजनवा,
माई दिहाली ललनवा गोदी में।bd।

---

उगीहे सुरजदेव केलवा के पतिया,
जग अंजोर होई जाई हो,
छठ के महिनवा जब जब आवे,
कुछ न कुछ केहू पाई हो,
गावे दिनेश सुना माई के गीतिया,
पप्पू करे ले अर्जी के,
असों करब छठी माई के पुजनवा,
माई दिहाली ललनवा गोदी में।bd।

---

असो करब छठी माई के पुजनवा,
माई दिहालू ललनवा गोदी में,
काटी के उखिय ले अयिनी हो,
माई सब कुछ देईली झोली में,
असों करब छठी माई के पुजनवा,
माई दिहाली ललनवा गोदी में।bd।

**Singer – Dinesh Nishad**
**Upload / Writer – Vivek Mishra**
**9648458183**

समस्त भजनों के लिरिक्स और विडियो बिना इन्टरनेट के भी अपने मोबाइल में देखने के लिए गूगल प्ले स्टोर या एप्पल एप्प स्टोर से 'भजन डायरी एप्प' जरुर इनस्टॉल करे। वेबसाइट - https://www.bhajandiary.com

समस्त भजनों के लिरिक्स और विडियो बिना इन्टरनेट के भी अपने मोबाइल में देखने के लिए गूगल प्ले स्टोर या एप्पल एप्प स्टोर से 'भजन डायरी एप्प' जरुर इनस्टॉल करे। वेबसाइट - https://www.bhajandiary.com